# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–24 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

प्रदेस में येह समय के सरकार क आठ बरिस पूरा भइले के उपलक्ष्य में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ के लोकभवन में आयोजित एगो पत्रकार वार्ता में अपने सरकार के विकास कार क पुरहर खाका पेस कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क प्रेरणा अउर पचीस करोड़ प्रदेसवासियन क मिलल–जुलल कोसिस से आजु ई प्रदेस, भारत क श्रम सक्ति पुंज से अर्थ सक्ति पुंज बनले के ओरि आगे बढ़ि रहल हौ। उत्तर प्रदेस ऊहे हौ, बाकिर बीतल आठ बरिस में एकरे प्रति लोगिन क धारणा पुरहर तरीका से बदलि चुकल हौ। सुरक्षा, सुसासन, समृद्धि अउर सनातन संस्कृति के क्षेत्र में जवन पहिचान बनल हौ ओकर एहसास उत्तर प्रदेसे नाहीं पूरा भारत कइ रहल हौ। मुख्यमंत्री कहलें कि आठ बरिस पहिले बेमारू राज्य क पहिचान रक्खे वाला उत्तर प्रदेस आजु देस के अर्थव्यवस्था क ग्रोथ इंजन बनि चुकल हौ। उहां के अर्थव्यवस्था क मजबूती क चरचा कइलीं–

***उत्तर प्रदेश की अर्थव्यवस्था देश के अन्दर जो दो हजार सत्रह के पहले छठें, सातवें स्थान पर थे आज यह देश के नम्बर दो अर्थव्यवस्था बन कर के उत्तर प्रदेश उभरा है। दो हजार सत्रह के पहले राजकोष खाली था। अन्नदाता किसान बदहाल था, आत्महत्या कर रहा था, कर्मचारियों में व्यापक असंतोष था, सरकार के पहले ही दो फैसले थे अन्नदाता किसानों का, लघु और सीमान्त किसानों का कर्ज माफ करना है और अपने कर्मचारियों को सेवेंथ पे कमीशन की रिपोर्ट को लागू करना है।***

मुख्यमंत्री कहलें कि राज्य सरकार के काम क नतीजा देखाई दे रहल हौ। यूपी कानून व्यवस्था के मामिला में बड़हन छलांग लगवले हौ। प्रयागराज क महाकुंभ एकर सबसे बड़हन उदाहरण हौ। कृषि पर बाति करत मुख्यमंत्री कहलें कि कृषि विकास दर बढ़ि के साढ़े तेरह फीसदी से बेसी हो गइल हौ, एहसे राज्य क जीडीपी में अट्ठाइस फीसदी क बढ़ोत्तरी भइल बा। मुख्यमंत्री स्वास्थ्य के क्षेत्र में आइल बदलावो क चरचा कइलें।

**आयुष्मान भारत में उत्तर प्रदेश देश के अन्दर नम्बर एक पर है। मुख्यमंत्री आरोग्य मेले के माध्यम से लगभग साढ़े तेरह करोड़ रोगी उसके माध्यम से लाभान्वित हो रहे हैं और जो विभिन्न मेडिकल कॉलेजज की संख्या बढ़ाने के बाद जो सीट्स बढ़ी हैं एमबीबीएस में मात्र उन्नीस सौ नम्बे सीट्स थीं आज वो बढ़कर के पांच हजार दो सौ पचास हुयीं हैं। निजी मेडिकल कॉलेजज में भी यह सीट्स दो हजार पांच सौ पचास से बढ़कर के छः हजार पांच सौ पचास हुयी हैं।**

बरिस दुइ हजार सतरह में योगी आदित्यनाथ प्रदेस क मुख्यमंत्री बनलें अउर दुइ हजार बाइस के विधानसभा चुनावो में भाजपा फेर से सत्ता में लवटलि। येह तरियन योगी आदित्यनाथ उत्तर प्रदेस के इतिहास में लगतारे दुइ बेरि पदभार सम्हारे वाला पहिला मुख्यमंत्री बनि गइलें।

**********

प्रदेस में योगी आदित्यनाथ के अगुवाई वाली सरकार क आठ सालि पूरा भइले पर बिहने से सज्जो जिलन में तीनि दिन के विकास उत्सव क आयोजन होई। ''उत्तर प्रदेश–भारत का ग्रोथ इंजन'' थीमि पर बिहने एकर सुभारम्भ सज्जो जिलन में प्रभारी मंत्री अउर स्थानीय जनप्रतिनिधियन के मौजूदगी में होई। येही क्रम में कुशीनगर जिला में प्रभारी मंत्री दिनेश कुमार सिंह विकास उत्सव क उद्घाटन कइले के साथे–साथ कई गो योजना क प्रमाण पत्रो बंटिहें। येह मौका पर गोरखपुर जिलो में भव्य आयोजन क तइयारी हौ। हमरे गोरखपुर प्रतिनिधि बतवलें कि योगी आदित्यनाथ के अगुवाई वाली सरकार में ओइजा बड़हन पैमाना पर औद्योगिक निवेस भइल हौ। पछिला आठ बरिस में गोरखपुर के इग्यारह हजार छौ सौ अठारह दसमलव सात पांच करोड़ रूपिया क औद्योगिक निवेस मिलल हौ।

**********

आजु विस्व तपेदिक दिवस मनावल जा रहल हौ। टीबी क हानिकर स्वास्थ्य, समाजिक अउर आरथिक परिणाम के बारे जागरूकता लावे अउर वैस्विक स्तर पर एकरे उन्मूलन क कोसिस तेज करे बदे हर बरिस चउबीस मार्च के ई दिन मनावल जाला। येह सालि क बिसय हौ– हां, हम क्षय रोग का खात्मा कर सकते हैं– प्रतिबद्धता, निवेश और परिणामी प्रयास। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि प्रधानमंत्री के अगुआई में देस क्षय रोग के उन्मूलन के दिसा में तेजी से आगे बढ़ि रहल हौ। उत्तर प्रदेस सरकारो लगतारे क्षय रोग के खतम करे बदे कार कइ रहलि हौ।

**********

श्रीरामंदिर से जुड़ल अंगद टीला पर गिलहरी क मुरती स्थापित कइल जाई। ई जनकारी श्रीराममंदिर निर्माण समिति क अध्यक्ष नृपेन्द्र मिश्र अजोध्या में आजु संवाददाता लोगिन से बातचीत में दिहलें। उहां के बतवलीं कि श्रीरामचरितमानस में गिलहरी के महातम से लोगि परिचित हवें। जवने तरियन कुबेर टीला पर जटायु क मुरती के लगावल गइल हौ ओही तरियन अंगद टीला पर गिलहरी क एगो मुरती लगावल जाई।

**********